



Pou Piblikasyon Imedya: 17/01/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL LIMEN MONIMAN ISTORIK NEW YORK YO POU KOMEMORE JOUNEN MARTIN LUTHER KING JR. A

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke moniman istorik Eta New York yo ap limen an wouj, vè ak nwa jodi 17 janvyè 2022 an, pou make Jounen Martin Luther King Jr a.

"Jodi a nou pran poz pou refleche epi sonje ansèyman Doktè Martin Luther King Jr sou jistis, lapè, egalite, lanmou - ak lafwa pwofon, konstan li nan moun ki bay yon lavi konfwonte ak enjistis," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap selebre eritaj Doktè King lan, sa depann de chak nan nou pou rekonpanse lafwa sa epi fè tout sa nou kapab pou konstui yon pi bon sosyete ki pi jis. Divize, n ap febli tou sèl - men ini, nou monte ansanm."

Moniman istorik k ap limen an rekonesans Jounen Martin Luther King Jr a se:

- One World Trade Center
- Pon Gouvènè Mario M. Cuomo (Governor Mario M. Cuomo Bridge)
- Kosciuszko Bridge
- Batiman SUNY H. Carl McCall lan
- Batiman Edikasyon Eta a (State Education Building)
- Batiman Alfred E. Smith State Office (Alfred E. Smith State Office Building) la
- Pak Ekspozisyon Eta - Pòtay Prensipal ak Sant Ekspozisyon
- Pon Franklin D. Roosevelt nan Mid-Hudson
- Tèminal Grand Central (Grand Central Terminal) la - Vyadik Pershing Square (Pershing Square Viaduct) a
- Pòtay Entènasyonal Ayewopò Albany (Albany International Airport Gateway)

Gouvènè Hochul [te anonse nan mwa desanm](#) ke komemorasyon anyèl Eta New York la sou lavi ak eritaj Doktè Martin Luther King Jr. pral prezante kòm yon evènman k ap difize nan tout eta a, "New York State Celebrates Dr. Martin Luther King, Jr.: Opportunity and Promise", k ap difize nan estasyon PBS yo nan New York apati wikenn MLK a epi k ap transmèt nan [empirestateplaza.ny.gov/nyking](http://empirestateplaza.ny.gov/nyking). Omaj inèdtan pou Doktè King lan prezante moun ak òganizasyon yo nan tout Eta New York ki entegre prensip youn nan lidè ki pi enpòtan nan Etazini pou jistis sosyal, libète ak

egalite. Orè pwogram lan varye selon rejyon an epi telespektatè yo ankouraje verifye pwogram televizyon lokal yo.

Anplis pèfòmans yo, moun yo envite gade ekspozisyon Atizay ak Disètasyon Elèv Doktè Martin Luther King Jr. Eta New York, ki prezante soumision elèv Kindègadenn rive 12yèm yo atravè eta a epi ki enspire nan Sis Prensip Non-vyolans Doktè King lan. Galri vityèl la pral disponib pou gade nan [empirestateplaza.ny.gov/nyking](http://empirestateplaza.ny.gov/nyking) apati 17 janvye rive 28 fevriye.

**Komisè pa enterim Divizyon Dwa Zimen (Division of Human Rights) Eta NY la, Maria Imperial te deklare,** "Jodi a, nou onore Doktè King epi afime wòl li nan fasone mond nou an epi defini ki kote nou vle ye antanke yon pèp. Mo ak aksyon li yo gen anpil valè pou travay n ap fè nan Divizyon Dwa Zimen an pandan n ap angaje kominote a epi aplike Dwa sou Dwa Zimen yo atravè gran Eta New York la."

###

Lèt nouèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)